# Mámleketlik aktivlerdi menshiklestiriwde ahmiyetli hújjet

Nókiste Ózbekstan Respubliskası Prezidentiniń usı jıl 27-oktyabrdegi «Mámleket qatnasıwındaǵı kárxanalardı reformalawdı jedellestiriw jáne mámleketlik aktivlerdi menshiklestiriwge baylanıslı ilajlar haqqında»ǵı pármannıń mazmun-mánisine baǵıshlanǵan baspasóz ánjumanı bolıp ótti.

Image not found or type unknown

Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentligi Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqliq basqarmasınıń baslıǵı Bekzod Madaminov hám basqa qánigelerdiń atap ótkenindey, bul párman mámleketlik kárxanalardı basqarıw, transformaciyalaw, mámleketlik aktivlerdi satıwdan aldın tayarlaw, menshiklestiriw hám onıń tártiplerin belgileydi.

Pármannıń 4-qosımshadı menen Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı 12 mámleket qatnasıwdaǵı kárxanadaǵı mámleketlik úleslerdi menshiklestiriw belgilengen. Sonıń ishinde, 9 mámleket qatnasıwındaǵı kárxananıń mámleketlik akciya paketleri hám úlesleri ǵalaba sawdalar arqalı satıladı, 3 akcionerlik jámiyettiń mámleketlik akciya paketleri bul jámiyetlerdegi mámleketlik úlesi bar shólkemlestiriwshilerdiń ustav fondına nominal bahada ótkeriledi.

Usı párman menen mámleketlik aktivlerdi menshiklestiriwde engizilgen tártipler haqqında hár tárepleme maǵlıwmat berildi.

Image not found or type unknown

Sonıń ishinde, mámleketlik úleslerin bólip-bólip tólew shárti menen satıp alǵan hám shamalı tólemdi ámelge asırǵan tutınıwshılarǵa tolıq tólemler ámelge asırılǵanǵa shekem úles bahasınıń tólegen bólegine teńdey túrde jámiyetti basqarıwda qatnasıw hám dividendler alıw huqıqı tiykarında «iyelik etiw huqıqsız» iyelik sertifikatı beriliwi, mámleketlik aktivlerdi satıwdıń shártlerine muwapıq bolǵan buyırtpada tek bir talapker tárepinen berilgen bolsa, bul birden-bir qatnasıwshı menen aldı-sattı shártnamasın dùziw múmkin ekenligi, pármannıń 4-qosımshasındaǵı sap aktivleriniń mámleketlik akciya paketleri (úlesleri)ne salıstirǵanda proporcional bahası 100 million somnan artpasa, olardı burınǵısınan basqasha tárizde, sap aktivleriniń proporcional úlesine teń (sap aktivleri ustav kapitalınan az bolǵanda nominal) bahada ǵalaba sawdalarǵa shıǵarılıwı siyaqlı jańa tártipler engizildi

Image not found or type unknown

Mámleketlik tender komissiyasına usı pármannıń 4 hám 5-qosımshalarındaǵı mámleketlik akciya paketleri (úlesleri), kóshpes múlk obektleri bahalanǵan bahada ǵalabalıq sawdalarda úsh ay múddet dawamında satılmaǵan jaǵdayda, olardıń baslanǵısh bahasın Agentliktiń usınısına tiykarlanıp qayta belgilew, sonday-aq, mámleketlik aktivlerdi menshiklestiriw haqqında qarar qabıl etiw olardı satıw shártleri, sawda túri hám ǵalabalıq sawdalarda baslanǵısh bahasın belgilew wákilleri engizildi.

Bunnan tısqarı mámleketlik kóshpes múlk obektleri «nol»lik satıp alıw bahasında satıw ámelıyatı biykar etilip, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi hám xalıq feputatları wálayatlıq, Keńesleri, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń baslıǵı hám wálayatlardıń hákimleri jáne Mámleketlik tender komissiyasına kóshpes múlk obektleri investicialıq hâm sotsiallıq minnetlemeler qabıl etiw shárti menen «1 som» baslanǵısh baha menen ǵalabalıq sawdalarǵa shıǵarıw boyınsha qarar qabıl etiw huqıqı berildi.

Image not found or type unknown

Pármannıń orınlanıwın támiyinlew boyınsha ámelge asırılıp atırǵan jumıslarda da toqtap ótildi. Usı párman menen Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi hám Ministrler Keńesine berilgen wákillikler sheńberınde usı jıl 1-dekabrge shekem 51 mámleketlik kóshpes múlk obektiniń ǵalabalıq sawdalarǵa shıǵarılıwı támiyinlenedi,

- Baspasóz ánjumanınıń ótkeriwden tıykarǵı maqset, pármannıń mazmun hám mánisin ǵalaba xabar qurallarınıń wákilleri arqalı keń jámiyetshilikke jetkeriwden ibarat,

- deydi Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentliginiń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarması baslıǵınĩń orınbasarı Ájiniyaz Mnajov.

- Bul bolsa, mámleket qatnasıwındaǵı kárxanalardı reformalawdı jedellestiriw jáne mámleketlik aktivlerdi menshiklestiriwge xızmet etedi.

Ílaj qatnasıwshıları ózlerin qızıqtırǵan sorawlarǵa juwap aldı.

Dawıt Abibullaev,

Qaraqalpaqstan xabar agentliginiń sholıwshısı